

1. *"Emh, karek gé réngse tanggap darurat di Garut Sumedang, ayeuna der deui musibah rubuhna dua jambatan di Banjar jeung Pangandaran.
"Utamina mah ku seringna hujan gedé tur lami, katambah taneuh urang gembur tur subur. Mangkaning ayeuna rék asup kana usum hujan."
"Kudu waspada, utamana di daérah rawan longsor."*
Téma paguneman di luhur, nya éta
A. Tanggap darurat di daérah nu keuna ku musibah
B. Kota di Jawa Barat diantaranya Garut, Sumedang, Banjar jeung Pangandaran
C. Musibah terus-terusan
D. Tanah Sunda mah subur tur gembur

2. *Fadel : Saha Wasta téh ?
Fikri : Wasta abdi Fikri
Fadél : Fikri kawit ti mana ?
Fikri : Abdi ti Bandung
Fadél : Fikri sakola di SMP mana ?
Fikri : Ti SMP 13 Bandung
Kacindekan tina paguneman di luhur nya éta*
A. Fadel ti Bandung sarta sakola di SMP 13 Bandung
B. Fikri asalna ti Bandung
C. Fadél jeung Fikri sakola di SMP 13 Bandung
D. Fikri ti Bandung sarta sakola di SMP 13 Bandung

3. *Rika :Bibi mah boga budak téh hésé pisan dititahna kuled pisan !
Rina :Saha Bi, Réstu ?
Rika :Enya, gawéna sapopoéna téh ngan saré wé ... teu kaala pisan gawéna !
Rina :Moal engké tos rada ageung mah panginten
Watek Réstu dina paguneman di luhur nya éta*
A. Gedé ambek
B. Sok nitah waé
C. Daékan
D. Ngedul

4. *Pa Maman : "Mir, geus dahar ?"
Amir : "....."*
A. Ti énjing gé abdi mah teu acan neda.
B. Ti énjing gé abdimah teu acan dahar.
C. Ti énjing gé abdi mah teu acan tuang.
D. Ti énjing gé abdi mah teu acan nyatu.

5. *Conto kalimah ménta idin nu cocog, nya éta*
A. Bapa, abdi isukan moal sakola, lantaran rék milu ka Bapa ka Bandung.
B. Bapa, kuring téh rék ka Bandung, ku kituna kuring nyuhunkeun widi, nya !
C. Bapa, isuk urang moal sakola. Idin nya, Pa ?
D. Bapa, punten. Abdi téh badé nyuhunkeun widi, dinten énjing moal tiasa lebet ka sakola.

Teks pikeun soal no. 6-9 !

"Akang, kumaha atuh anak urang..." Hiung ambu tani ceurik.
"Loréng naha sia kabina-bina teuing ... ku aing diurus ti leuleutik siah, bet geus gedé lain tumarima kalah nyilakakeun anak aing siah !" ceuk pamajikanana bari ceurik sarta najongan Si Loréng. Nempo ambu tani kitu, patani langsung ambek. Sérépét mesat bedogna, teu antaparrah deui hiuk nyabetkeun bedogna kana beuheung Si Loréng. Cer getih mancawura. Si Loréng gagauran nahan kanyeri, tapi ari ngalawab mah henteu. Ngan panonna neutep ka éta patani siga aya nu hayang dibéjakeun. Nempo maung gagauran, teu antaparrah deui patani terus nyabetkeun bedogna deui, nepi ka sapat beuheung Si Loréng.

Patani jeung ambu tani teu sirikna ngabecir lumpat muru imahna, rék nempo kaayaan anakna. Nepi ka imah kasampak anakna masih kénéh dina ayunan bari saré. Dialak-ilik budakna, taya codéka sumawonna bohak tapak ngerekeb mah. Sabada ngarasa yén anakna salamet, éta patani mimiti leler tina kareuwas. Barang nempo ka lawang kamar deukeut ayunan anakna, kacida kagétna. Lantaran aya oray sanca gedé nu geus paéh tur getihna uyuh-ayah.

Meunang sajongjonan mah éta patani melong ka oray sanca nu geus paéh téa. Sanggeus leler tina kagétna, éta patani kakara eungeuh yén Si Loréng geus bener-bener nandonkeun nyawana, gelut jeung oray sanca nu sakitu gedéna pikeun nyalametkeun anak patani nu aya dina ayunan.

Si patani kacida handeueulna, hanjelu lantaran nyalahan. Goréng sangka ka Si Loréng. Akibat salah sangka, bet nyalahan nyieun kaputusan, nepi ka Si Loréng maung nu dipikadeudeuhna, tur nu geus buméla nandonkeun nyawana, kalah dipaéhan..

Pikeun nginget-ninget éta kajadian, daérah nu ditempatan ku éta patani téh, nu beuki lila beuki loba wargana téh di sebut Panyalahan.

6. Jejer caritaan diluhur nya éta....
 - A. Asal usul lembur Sunda
 - B. Salah sasaran
 - C. Asal usul Désa Panyalahan
 - D. Patani anu ambék
7. Latar suasana nu aya dina dongéng di luhur nya éta...
 - A. Hariwang
 - B. Hanjakal
 - C. Bungah
 - D. Sedih
8. Dumasar kana jalan caritana, dongeng di luhur kaasup kana jenis dongéng ...
 - A. Fabél
 - B. Parabél
 - C. Mité
 - D. Légénda
9. Dongeng anu nyaritakeun sasatoan kaasup kana jenis dongeng ...
 - A. Sagé
 - B. Mité
 - C. Fabél
 - D. parabél
10. *Baju kutud heureut pola*
Dikelin teu dijahujur
Mun teu cucud ti sakola
Arisin balik ka lembur
 Dumasar wangunna sisindiran di luhur, kaasup kana wangun sisindiran

A. Rarakitan	B. Wawangsalan	C. Paparikan	D. Sésébréd
--------------	----------------	--------------	-------------
11. *Ka Banjaran tumpak kuda*
Balikna euweuh nu nanya

 Eusi paparikan nu cocog nya éta

A. saha-saha anu ngedul tangtu kaduhung ahirna B. pangajaran basa Sunda ngulikna sing enya-nya	C. tinimbang jeung idar-ider leuwih hadé gé diajar D. lamun manéh goréng lampah ngusrukeun ka indung-bapa
---	--

12.

kabogoh direbut batur

nyerina kabina-bina

Cangkang nu cocog pikeun paparikan di luhur nya éta

- A. Ka Cibogo mawa katél
Ka Cibulan mawa haur
- B. Ka Cibogo ka Cisempur
Meri diparaban kina

- C. Ka Cibogo ka Cidamar
Bisi terus ka Cihaur
- D. Ka Bogo Rajapolah
Jalanna the nantak mudun

13. Conto sisindiran wangun rarakitan nya éta

- A. Cai kopi gegedohan
digulaan ku cimadu
aki-aki bobogohan
kawas monyét keur diadu
- B. Dalima di sisi cangkring
buahna téh anggarésol
jelema hareupeun kuring
bujalna katara dosol
- C. Sieun jurig jeung ririwa
kini-kini dina batu
aya ijid aya ngéwa
nini-nini disapatu
- D. Jauh-jauh manggul awi
uyuhan teuing teu mérang
Jauh-jauh nyusul abdi
uyuhan teuing teu wirang

14. *Meuleum manggu tengah poé*

dicokélan kayu api

malem minggu ninggang sué

diapélan aki-aki

Sisindiran di luhur kaasup kana sisindiran nu sifatna

- A. Piwuruk
- B. Sésébréd
- C. Silih asih
- D. Pangajak

15. *Belut sisit saba darat*

Kapiraray siang wengi

(wangsalna)

- A. Belut
- B. Oray
- C. Eurih
- D. Séro

16. *Daging leutik ditiiran*

.....

(wangsalna : saté)

- A. abdi mah sok nyeri haté
- B. pikir bati sumoréang
- C. sok rus-ras ka nu teu aya
- D. duriat henteu laksana

17. *Mundur mapan balad Pandawa teu tahan*

Barisan beuki ipis

Digempur Kurawa

Senapatina Karna

Sakti manggulang-mangguling

Hésé pantarna

Moal aya nu nu nanding

Rumpaka di luhur diwangun dina pupuh

- A. Sinom
- B. Durma
- C. Asmarandana
- D. Mijil

18. Jejer pedaran dina pupuh di luhur ngeunaan
 A. Harta banda C. Perang
 B. Pakarang D. Nyiar élmu
19. Patokan pupuh di luhur nya éta....
 A. 12a,8i,7a,7a,8i,5a,7i
 B. 12a,7i,6a,7a,8i,5a,7i
 C. 12a,7a,6a,7a,8a,5a,7i
 D. 12i,7a,6a,7a,8i,5a,7i
20. Amanat nu rék ditepikeun dina guguritan di luhur nya éta....
 A. Saktina senapati Karna nu bisa ngéléhkeun pasukan musuhna
 B. Senapati Karna nu mingpin pasukan Pandawa nepi meunang dina éta peperangan
 C. Balad Pandawa loba nu gugur lantaran perangna henteu saimbang
 D. Nu nandingan senapati Kara mah kudu Arjuna lain para prajurit
21. *Perenahna di Désa Néglasari, Kacamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya. Taneuhna landeuh tur subur. Wates kulon leuweung karamat, lantaran di leuweung karamat tempat makam luluhur Kampung Naga. Beulah kalér jeung wétaneunana diwatesanan ku walungan Ciwulan.*
 Jejer nu dipedar dina wacana di luhur, nya éta
 A. Kampung adat Naga C. Kampung adat Pulo
 B. Kampung adat Kuta D. Kampung adat Baduy
22. Ciri has Kampung Naga nu ngabédakeun jeung kampung umumna, nya éta
 A. Penduduk Kampung Naga ngagem agama Islam, tapi masarakat Kampung Naga taat tur pengkuh kana aturan adat-istiadat jeung kapercayaan karuhunna.
 B. Penduduk Kampung Naga ngagem agama Islam, tur ngabogaan leuweung karamat nu teu dipiboga ku kampung séjénna
 C. Penduduk Kampung Naga ngagem agama Islam, lemburna Kampung Naga ayana di hiji lengkob nu diapit ku leuweung jeung walungan Ciwulan
 D. Penduduk Kampung Naga ngagem agama Islam, tapi ngabogaan kalénder sorangan.
23. *Nurutkeun kapercayaan masarakat Kampung Naga, ku cara ngajalankeun adat-istiadat warisan karuhun hartina ngahormat ka para karuhunna. Sagala hal nu datangna lain tina ajaran karuhun Kampung Naga, atawa sagala rupa anu henteu dipigawé ku para karuhunna, dianggap pamali. Lamun seug ieu hal téh dilaksanakeun, hartina manéhna geus ngalanggar adat sarta henteu ngajénan tur ngahormat ka para karuhunna, ieu hal téh pasti bakal aya kajadian nu teu dipiharep. Akibat ngalanggar téa.*
 Informasi tina wacana di luhur ngébréhkeun
 A. Loba masarakat Kampung Naga nu ngalanggar adat, ka luar di éta kampung.
 B. Ngahormat tur ngalaksanakeun warisan adat karuhun hartina ngajénan ka para luluhur jeung ngalaksanakeun naon-naon nu geus dilaksanakeun ku karuhun, lamun dilanggar bakal aya mamalana.
 C. Lamun hayang jadi bagian tina masarakat Kampung Naga, hartina kudu aya garis katurunan ti luluhur Kampung Naga.
 D. Ieu adat téh kacida beuratna keur masarakat luar kampung Naga mah, ngan keur urang Kampung Naga soragan geus jadi kabiasaan sapopoé.
24. Tanggapan urang kana adat istiadat kampung Naga, saupama urang ngajugjug ka Kampung Naga, nya éta
 A. Keun baé teu patuh ogé kana aturan Kampung Naga, lantaran urang mah lain penduduk kampung Naga.
 B. Ngajénan kana adat istiadat urang Kampung Naga, kucara henteu ngarempag kana aturan masarakat Kampung Naga.
 C. Ngaganti aturan masarakat Kampung Naga sangkan saluyu jeung aturan kampung-kampung liana.
 D. Ngalaksanakeun kawajiban adat saperti masarakat Kampung Naga sok sanajan urang lain pendudukan kampung Naga.

25. 1) Ku cara ngajalankeun adat- istiadat warisan karuhun hartina ngahormat ka para karuhunna.
 2) Sagala hal nu datangna lain tina ajaran karuhun Kampung Naga, atawa sagala rupa anu henteu dipigawé ku para karuhunna, dianggap pamali
 3) Lamun adat dilaksanakeun ku anggota masarakat Kampung Naga, hartina manéhna geus ngalanggar tur henteu ngajénan tur ngahormat ka para karuhunna.
 4) Lamun ngalanggar kana adat, pasti bakal aya kajadian nu teu dipiharep.
 Ungkara anu henteu saluyu jeung aturan adat Kampung Naga, nya éta
 A. 1 B. 2 C. 3 D. 4
26. 1) Wangun imah di Kampung Naga kudu imah panggung.
 2) Bahan imahna tina awi jeung kai.
 3) Suhunan imah kudu tina injuk, daun kiray atawa eurih.
 4) Balagbag imah kudu tina papan kai atawa awi (palupuh).
 5) Sakabéh imah kudu nyanghareup ka wétan atawa ka kulon kalawan posisi panjang
 6) Bilikna anyaman awi atawa sasag.
 7) Imah dicét, dikapur atawa diméni.
 8) Bahan imah ngagunakeun témbok, lamun mampuh pikeun nyieun imah témbok atawa imah gedong.
 Aturan adat dina nyieun imah di Kampung Naga diébréhkeun dina nomer
 A. 1-2-3-4-5-6-7-8 B. 1-2-3-4-5-6-7 C. 1-2-3-4-6-7-8 D. 2-3-4-6
27. Ilikan gambar suhunan di handap ieu !



Ngaran suhunan imah di luhur disebut

- A. Jolopong C. Parahu kumereb
 B. Badak heuay D. Tagog anjing

28. Ilikan gambar suhunan di handap ieu !



Ngaran suhunan imah di luhur disebut

- A. Jolopong C. Parahu kumereb
 B. Heuay badak D. Tagog anjing

29. Wangenan idiom atawa pakeman basa anu cocog nya éta....
 A. Pakeman basa téh nya éta ungkara anu geus matok kecap jeung susunanana
 B. Pakeman basa téh susunan kalimah anu bisa di robah
 C. Pakeman basa téh ungkara anu teu matok kecap jeung susunanana
 D. Pakeman basa téh bisa dilarapkeun ka sakurna mahluk anu hirup

30. Kalimah anu eusina naséhat sangkan urang ulah nepikeun ka nyebarkeun kagorengan batur, aya dina kalimah ...
 A. Kitu deui enggoning hirup di masarakat téh *kudu hadé gogog hadé tagog*
 B. Mihapé dina omongan enggoning campur gaul jeung papada, *ngadék sacékna nilas saplasna, leuleus jeujeur liat tali* dina sagala hal
 C. Hirup jeung dulur ulah nepi ka *pagiri –giri calik pagirang – girang tampian*
 D. Komo nepi ka *ngaliarkeun taleus ateul mah*, dipahing pisan
31. “Ngomongna hadé, padahal maksudna ngahina” luyu kana babasan...
 A. Indit sirib B. Hawar biwir C. Getas harupateun D. Handap lanayap
32. “Katénjo luarna (awakna) siga nu goréng, padahal jerona (haténa) alus” luyu kana paribasa...
 A. Banda tatalang raga C. Goong nabeuh manéh
 B. Bengkung bekas nyalahan D. Batok bulu eusi madu
33. Ungkara anu cocog dumasar kana pakeman basa wanda cacandran nya éta...
 C. Jaga mah, barudak, sajajalan disaungan. Nyabuktina aya keréta api
 D. Sukapura ngadaun ngora (sukapura bakal maju widang ékonomina)
 E. Batu turun keusik naék
 F. Nora catur sagara wulan; hartina (ditulis dina taun) 1440 Saka (1518 Maséhi)
34. Kecap novel asalna tina basa latin, *novus* anu hartina anyar. Ieu kecap robah jadi *novellus*, terus robah deui jadi *novel*. Pangna dihartikeun **anyar** lantaran ...
 A. Wangun novel béh dieu lahirna lamun dibandingkeun jeung roman.
 B. Wangun novel leuwih anyar lahirna tibatan dongeng.
 C. Wangun novel béh dieu lamun dibandingkeun jeung sajak.
 D. Wangun novel leuwih anyar lahirna tibatan fiksimini
35. Novel munggaran anu medal dina sastra Sunda nya éta
 G. *Hutang Nyeri Bayar Nyeri* karangan Yuhana
 H. *Nyalindung ka Gelung* karangan S.H. Kartapraja
 I. *Bengkung Bekas Nyalahan* karangan OS. Barma jeung M. Ali Kartawinata
 J. *Baruang Ka Nu Ngarora* karangan D.K. Ardiwinata
36. *Hiji mangsa Si Dirun ngarasa dosa jeung hanjakal kanu jadi kolot lantaran manéhna sok ngabohongan waé kanu jadi kolot, arloji anu paméré bapana di jual jeung duitna di paké judi, ku bapana kanyahoan. Si Dirun dicarékan bébéakan. Ahirna, manéhna janji ka kolotna yén manéhna moal bangor bangor deui. Ti harita Si Dirun jadi budak bageur soléh, nurut ka kolot, tur geus jadi budak pinter*
 Eusi novel di luhur nyaritakeun
 A. Palaku jadi peran protagonis
 B. Suasana nu pikagumbiraeun
 C. Babalik pikirna tokoh utama
 D. Hiji bapa nyalametkeun budakna
37. *Dina hiji poé, Si Warji nulungan Asép Onon, budakna lurah, anu tigebrus kana sumur saat. Ya ti harita, Si Warji jadi sobat dalit Asép Onon anu saméméhna mikeuheul ka Si Warji. Ku kabageuranana Asép Onon, Si Warji digawékeun jadi tukang ngangon munding. Lantaran tukang ngangon munding saméméhna maot lantaran diteunggar munding nu diheureuyan ku Si Begu jeung Si Utun nu ngasupkeun gaang kana celi munding.*
 Dumasar kana jalan caritana, alur novel di luhur kaasup kana
 A. Mundur
 B. Mérélé (maju)
 C. Simpay
 D. lempeng
38. (1) Ngagunakeun kalimah langsung anu di kedalkeun langsung ku palaku,
 (2) Palakuna leuwih ti saurang
 (3) gelarna mangrupa guneman omongan para palaku anu silih tempas

Dumasar ciri – ciri di luhur urang bisa narik kacindekan yén karya sastra nu dimaksud nya éta ...

- A. Novel
- B. Drama
- C. Carita Pantun
- D. Guguritan

39. (1) longsér
(2) gending karesmén
(3) drama komédi
(4) drama modern

Wangun drama dina sastra Sunda ngawengku ...

- A. 1-2-3-4
- B. 1-2-3
- C. 1-2-4
- D. 2-3-4

40. Drama anu museurkeun caritana kana konflik batin palakuna, kaasup kana drama ...

- A. Komedi
- B. Melodrama
- C. Tragedi
- D. Gending Karesmén